

Kesyon yo Poze Souvan

Kimoun ki pwoteje anba seksyon Dwa Moun Vil New York (NYC Human Rights Law) sa a?

Tout moun nan Vil New York jwenn pwoteksyon pou ras yo oswa ras yo sanble ye, nan ki peyi yo soti, koulè, relijyon, laj, si yo etranje oswa sitwayen Etazini, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman. Sityasyon lojman gen pou wè ak kote ou abite—tankou yon bilding prive, yon lojman leta oswa sistèmabri—oswa si ou sanzabri.

Èske se Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) ki okipe anjeneral kesyon ki gen pou wè ak move ajisman lapolis?

Non. Se pou yo denonse move ajisman lapolis opre Konsèy Resepsyon Plent Sivil (Civilian Complaint Review Board, CCRB) lan ki ankete tou reklamasyon ki gen pou wè ak fòs eksesif oswa ki pa nesèsè, abi otorite, konpòtman malelve oswa lè ofisye lapolis NYPD di betiz. Epitou ou kapab pote plent opre Komisyon Dwa Moun Vil New York la, sepandan, si move konpòtman an gen pou wè ak ras ou, peyi kote ou soti a, koulè, relijyon, laj, si ou etranje oswa sitwayen Etazini, oryantasyon seksyèl, andikap oswa sityasyon lojman ou an.

Èske mwen kapab fè yon rapò anonim?

Komisyon an ankouraje rezidan Vil New York yo denonse tout zak ki fè diskriminasyon, menmsi yo pa vle bay idantite yo. Komisyon an gendwa fè pwòp ankèt pa li san li pa revele idantite w.

Ki rezilta ki pral genyen si mwen pwouve yon reklamasyon akòz siyalman moun ki baze sou prejije?

Anba Lalwa, si yo pwouve lapolis te bay yon siyalman yon moun nan fason ki baze sou prejije, Komisyon an kapab bay ofisye lapolis yo lòd pou sispann sible w epi mande yo pou yo fè fòmasyon konsènan seksyon lalwa sa a anba Lwa Dwa Moun Vil New York la. Li kapab egzije tou pou depatman lapolis la pran prekosyon anplis pou asire li konpòtman sa a p ap kontinye. Epitou, li kapab egzije pou ni ofisye lapolis la ni depatman an kreye oswa ranfòse bon politik yo epi chanje move yo.

Ki ajans lapolis ki konsène?

Lwa a vize Deptaman Lapolis Vil New York (NYPD) ak ofisye lapolis li yo. Li konsène tout ofisye mentyen lapè Vil la anplwaye, tankou sheriff yo ak sèten gad nan etablisman Vil la. Li aplike tou pou “nèg ki fè patwouy espesyal” Depatman Lapolis Vil New York (New York Police Department, NYPD) nonmen, tankou ofisye sekirite lekòl.



SIYALMAN KI BAZE SOU PREJIJE LAPOLIS Anba Lwa pou Dwa Moun Vil New York la

Rele **311** epi mande pou Komisyon Dwa Moun Vil New York (NYC Commission on Human Rights) oswa rele Komisyon an dirèkteman nan **718-722-3131** si ou panse yon ofisye lapolis oswa yon ofisye mentyen lapè pa t respekte entèdiksyon siyalman ki baze sou prejije Lwa Dwa Moun nan Vil New York lan.

Pou pote plent konsènan fòs ki eksesif oswa ki pa nesèsè, abi otorite, konpòtman malelve, oswa si ofisye Depatman Vil New York yo di betiz, al gade nan **NYC.gov/CCRB** oswa rele **1-800-341-2272**.



    @NYCCHR
NYC.gov/HumanRights

NYC  **Komisyon sou
Dwa Moun
(Commission on
Human Rights)**

    @NYCCHR
NYC.gov/HumanRights

